



Lembar kerja

**TUGAS GEGURITAN\_By Cahyati Putri**

Total pertanyaan: 20

Estimasi pengerjaan: 21menit

Disusun oleh Drajat Supangkat

Nama

Kelas

Tanggal

1. Pahlawanku  
(R. Tantiningsih)

Pahlawanku  
Wutahing ludirmu  
Nyiram ibu pertiwi  
Nadyan sang ibu  
Kudu muwun sedhih  
Karajang-rajang manahe  
Karujit-rujit rasa pangrasane

Sapa kang nulis geguritan ing dhuwur?

- |                    |                 |
|--------------------|-----------------|
| a) R. Tantiningsih | b) R. Tanti     |
| c) R.A. ningsih    | d) R.A. Kartini |

2. Tegese maca geguritan kudu cetha yaiku ....

- |                                                      |                                                                      |
|------------------------------------------------------|----------------------------------------------------------------------|
| a) Ngatur mlebu metune napas                         | b) Kudu ngepasake marang isine geguritan                             |
| c) Nalika maca geguritan ora kecepeten utawa kalonen | d) Nalika maca geguritan swara kudu cetha lan gamblang ora grememeng |

3. Puisi basa jawa gagrag anyar (modern) kang ora kaiket dening aturan sing gumathok. diarani ....

- |              |              |
|--------------|--------------|
| a) Geguritan | b) Paribasan |
| c) Pantun    | d) Tembung   |

4. Nalika penulis ngarang teks geguritan miwit kanthi netepake ....

- |                  |                        |
|------------------|------------------------|
| a) Tema karangan | b) Judul karangan      |
| c) Isi karangan  | d) Kesimpulan karangan |

5. **Sapu Sada**

**(Dening: Astuti)**

Jumat asri

Resik lan sehat

Cancut tali wanda

Nandur kabecikan

Cilik gedhe bagus ayu

Ora mung padha gumuyu

Ora tinggal glanggang colong playu

Tumuju adiwiyata murih rahayu

Crah agawe bubrah

Rukun agawe santosa

Guyub rukun kaya sapu sada

Irah-irahan geguritan ing dhuwur yaiku ....

- |                           |               |
|---------------------------|---------------|
| a) Guyub rukun            | b) Sapu sada  |
| c) Adiwiyata murih rahayu | d) Jumat asri |

6. Tema geguritan ing dhuwur yaiku ....

- |                               |                               |
|-------------------------------|-------------------------------|
| a) Guyub rukun ing keluarga   | b) Guyub rukun ing sekolah    |
| c) Guyub rukun ing lingkungan | d) Guyub rukun ing masyarakat |

7. Para murid ngelakoni kerja bakti ngeresiki sekolahan ing dina ....

- |                |               |
|----------------|---------------|
| a) Jumat asri  | b) Sabtu asri |
| c) Minggu asri | d) Senin asri |

8. Kumpulan larik kang selaras diarani ....

- |          |                |
|----------|----------------|
| a) Bait  | b) Tembung     |
| c) Larik | d) Irah-irahan |

9. Wirama yaiku ....

- |                                                                       |                                   |
|-----------------------------------------------------------------------|-----------------------------------|
| a) Kumpulan larik kang selaras                                        | b) Tujuane penulis gawe geguritan |
| c) Endhek-dhuwur, cendak-dawa, utawa alus kasare swara seng diucapake | d) Tembung seng ora sebenere      |

10. Parafrase yaiku ngowahi wujud teks geguritan dadi wujud ....

- |                   |            |
|-------------------|------------|
| a) Tembang / lagu | b) Gambar  |
| c) Prosa / cerita | d) Diagram |

11. Yen isine geguritan iku sedhik, polatane sing maca kudu ....

- |                                                         |                                                      |
|---------------------------------------------------------|------------------------------------------------------|
| a) Katon seneng supaya ngrungokake melu seneng          | b) Katon bungah supaya sing ngrungokake melu bahagia |
| c) Katun Semangat supaya sing ngrungokake melu semangat | d) Katun sedhik supaya sing ngrungokake melu sedhik  |

12. Supaya bisa maca geguritan kanthi becik kudune ....

- |                     |                   |
|---------------------|-------------------|
| a) Bisa ngarang     | b) Pinter nembang |
| c) Ngerti pengarang | d) Paham isine    |

13. Kara kanca aja seneng .... ben ora didohi kancane

- |               |                  |
|---------------|------------------|
| a) Bebarengan | b) Gotong royong |
| c) Rukun      | d) Drengki       |

14. geguritan iku kangga gampang diarani uga .....

- |                       |                       |
|-----------------------|-----------------------|
| a) kakawin jawa kuna  | b) tembang macapat    |
| c) puisi gagrag anyar | d) tembang campursari |

15. *Aja nangis anakku  
Ibumu isih lunga  
Sedhela maneh teka  
Aja nangis, anakku  
Umpama hongkong kuwi mung lor kali  
Wis wingi-wingi dakparani  
Ing geguritan dhuwur, panggurit dadi ...*

- |         |            |
|---------|------------|
| a) ibu  | b) bapak   |
| c) anak | d) sedulur |

16. *Aja nangis anakku  
Ibumu isih lunga  
Sedhela maneh teka  
Aja nangis, anakku  
Umpama hongkong kuwi mung lor kali  
Wis wingi-wingi dakparani  
Isi saka geguritan dhuwur yaiku ...*

- |                                                                                               |                                                                                                   |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------|---------------------------------------------------------------------------------------------------|
| a) wong tuwa kudu mesti nduweni<br>rasa kangen marang anak                                    | b)<br>bapak kang goleki ibu tekan<br>hongkong amarga anake lara                                   |
| c) susahe bapak marang ibu kang<br>nyambut gawe golek duit nganti<br>tekan hongkong gawe anak | d) susahe bapak dening tangise<br>anak, sebab kangen ibune kang<br>lagi nyambut gawe ing hongkong |

17. Jingglengana geguritan ing ngisor!

**Medhitasi Mangsa**

*Sumono Sandy Asmoro*

....

Bumi kae ora nate mbedak-mbedakake  
Samubarang kang ana ing sadhuwure  
Kabeh winih dithukulake  
Ora metung papak lancipe  
Isine pethikan geguritan ing dhuwur yaiku manungso ...

- |                                 |                           |
|---------------------------------|---------------------------|
| a) Kudu milah lan milih         | b) Ora oleh mbeda-mbedake |
| c)<br>Kudu bisa mbeda-mbedakake | d) Tumindak sakarepe      |

**18. Uneg-uneg tukang rosok marang calon pemimpin**

*Dening Siti Purwati, S.Pd.*

....

Nanging, jajalen ..... titenana

Yen panjenengan klakon lungguh kursi

Aja maneh kok takon lan nyalami aku

Yen ketemu, noleh wae panjenengan ora duwe wektu!

Opo maneh kok mujudake janji-janji jenengan

Tembung "*lungguh kursi*" ing pethikan geguritan iku ateges ...

- |                 |                  |
|-----------------|------------------|
| a)              | b) Lungguh empuk |
| Lungguh kepenak |                  |
| c)              | d) Dadi Juwara   |
| Dadi pemimpin   |                  |



19. **Angen-Angen***Fara Fitriana*

Yen ta iso, aku pengen sampurna  
Sakora-orane kaya pari ing sawah  
Migunani tumrap bebrayan  
Nanging tetep ndingkluk andhap asor  
Yen ta isa, aku kepingin dadi kelapa  
Migunani wiwit oyot nganti janure  
Utawa dadi wit ringin  
Kuwat ngayomi sapada-pada  
Yen ora aku pengen dadi lilin  
Menehi pepadhang kanggo liyan  
Ning nyatane aku amung manungsa sawantah  
Ora rosa nadhan sesangan  
Amung bisa netesake luh ing batin  
Nalika gawe gela liyan  
Tulung, aku aja dipeksa mbangun turut wae  
Aku ngerti,  
Aku amung ora pengen ana sing lara ati maneh  
Aku lan sapa wae sing iso ngayomi  
Aku  
Aku mung pengen urip mulya kegaro angen-angenku  
**(Penyebarnya semangat, No 18-30 April 2016)**  
Angen-angen iku ngemu teges ...

- |                                 |                                     |
|---------------------------------|-------------------------------------|
| a) Gegayuhan sing durung klakon | b) Gegayuhan sing wus klakon        |
| c) Kanyatan sing wis dilakoni   | d) Kanyatan sing durung dilaksanake |

**20. Uneg-uneg tukang rosok marang calon pemimpin***Dening Siti Purwati, S.Pd.*

....

Nanging, jajalen ..... titenana

Yen panjenengan klakon lungguh kursi

Aja maneh kok takon lan nyalami aku

Yen ketemu, noleh wae panjenengan ora duwe wektu!

Opo maneh kok mujudake janji-janji jenengan

Tema pethikan geguritan ing dhuwur yaiku ...

a) Janji

b) Kursi

c) Pemulung

d)

Pemimpin